

**Dr. Howard Hepburn**  
**Superintendent of Schools**  
**Broward County Public Schools**  
600 Southeast Third Avenue  
Fort Lauderdale, Florida 33301  
phone: 754-321-2600 • fax: 954-321-2701  
[superintendent@browardschools.com](mailto:superintendent@browardschools.com)  
[www.browardschools.com](http://www.browardschools.com)

**The School Board of  
Broward County, Florida**

Sarah Leonardi, Chair  
Dr. Jeff Holness, Vice Chair

Lori Alhadeff  
Maura McCarthy Bulman  
Adam Cervera, Esq.  
Debra Hixon  
Nora Rupert  
Rebecca Thompson  
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn  
Superintendent of Schools

2 Mas, 2026

Elèv Klas Douzyèm Ane ak Paran/Gadyen:

Gradyasyon ayskoul se yon evènman enpòtan nan lavi elèv, paran, ak fanmi. Se yon bon opòtinite pou selebre akonplisman ak reyalizasyon akademik elèv yo. Seremoni gradyasyon òganize yon fason kap kite nan nou-menm souvni ak enpresyon lavidiran. Nou bezwen èd ou pou fè seremoni remiz diplòm pitit ou dewoule nan yon anbyans diyite ak respè.

Direktè/Direktris ak anlwaye lekòl pitit ou pase yon tan konsiderab ap planifye epi òganize seremoni remiz diplòm la. Li enpòtan anpil pou patisipan ak moun ki prezan diran seremoni a kondwi tèt-yo demanyè poli epi koutwa. Seremoni gradyasyon se yon gwo evènman solanel epi ki ekzije moun nan asistans la konpòte yo byen, ak politès. Pou asire seremoni gradyasyon lekòl pitit ou dewoule ak diyite epi yon fason respektive, nou atann aske elèv ak paran respektive prensip règ dekowòm, byenseyans epi konvnans sa-yo:

### Paran ak Envite

- Teni konvnab epi ki rekòmande (teni devil pou gason, fanm abiye yon fason konvnab e rezève).
- Nou pèmèt moun nan asistans la itilize kamera sanflach oswa kameravideoyo pòtatif depi yo pa kite plas yo epi respektive dwa asistans la pou gade seremoni a. Diran seremoni gradyasyon an, fotografi ak flach epi videyotep nan pozisyon kanpe, entèdi. Lekòl pitit ou kapab anboche yon fotograf pwofesyonèl ak yon spesyalis videyo pou filme seremoni a. Kontakte ofis direktè lekòl la pou enfòmasyon konsènan acha foto souvni gradyasyon oswa videyo gradyasyon an.
- Pandan seremoni diplòm la, swiv enstriksyon direktè/direktris lekòl la bay pou aplodisman ak rekonesans.
- Tout bagay ki pwodi son, *air horns* avètisè sonò ki fè gwo bri oubyen siflèt, entèdi, nan kote seremoni gradyasyon an ap dewoule, epi izaj yo fòmèlman entèdi.
- Voye anlè balon plaj (beach balls), blad ak balon (balloons), oswa lòt bagay similè, entèdi, pandan seremoni gradyasyon an.
- Pinga lanse konfeti pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.
- Nan pwogram gradyasyon an gen non tout moun ki otorize pwononse alokasyon ak diskou pou adrese asistans la ansanm ak elèv kap diplome. Okenn moun pap ka pale devan lasistans san yon pèmision ak otorizasyon spesyal de direktè/direktris lekòl la.

- Tout seremoni gradyasyon ap konmanse alè epi atan; kifè, tout paran ak envite ta dwe rive nan sal kote seremoni gradyasyon an va dewoule, anvan menm seremoni a kòmanse. Pou moun ki rive anreta, yo kapab al chita sèlman apre *presentation of colors* (seremoni drapo) epi apre chan limn nasyonnal. Ou ka admèt ansanm ak nou gen plizyè milye envite kap asiste seremoni remiz diplòm la poutèsa fè tout efò posib pou vin alè.

### Elèv kap Diplome

- Nap fè elèv yo chonje yo dwe gen bon kondwit epi pran responsablite yo pandan seremoni gradyasyon ak lè gen repetisyon. Elèv yo dwe respekte règ ak regleman ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Klas Segondè/*Secondary Code of Student Conduct*.
- Elèv yo dwe swiv pwosedi potokòl epi orè presi ak kalandriye chak evènman jan sa fikse epi revize diran repetisyon pou seremoni a.
- Elèv kap resevwa diplòm yo dwe kouvri tèt yo touttan ak *caps*-yo (chapo).
- Elèv yo dwe rekonèt enpòtans seremoni remiz diplòm ankonsekans abiye kòrèkteman, yon fason prezantab.
- Pwogram gradyasyon an va deziye tout elèv ki otorize adrese lòt elèv kap diplome epi klas la. Okenn elèv pa gen dwa pale devan asistans la san yon pèmision ak otorizasyon spesyal de direktè/direktris lekòl la.
- Tout bagay ki pwodi yon son, *air horns* avètisè sonò ki fè gwo bri oubyen siflèt, entèdi, pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule, epi izaj yo fòmèlman entèdi.
- Voyer anlè balon plaj (beach balls), blad ak balon (balloons), oswa lòt bagay similè, entèdi, pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.
- Pinga lanse konfeti pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.

Nou mande tout elèv, paran ak envite kondwi tèt yo demannye respektab epi koutwa. Si kèk elèv ak moun nan asitans la gen konpòtman ki pa apwopriye oswa lakòz tapaj, yo ka mete yo deyò nan sal la. Pou rekonèt enpòtans dekowòm, règ byenseyans ak konvans diran seremoni gradyasyon an, **tanpri siyen epi retounen lèt sa bay direktè/direktris lekòl pitit ou.**

---

Non Elèv la

---

Mwen ateste mwen resevwa lèt sa  
Paran oswa Gadyen Legal

---

Non Lekòl la

Sensèman,



Dr. Howard Hepburn  
Superintendent of Schools

HH/ARF/VSW/PB:db

BED<ht/is/03/26>